

## **MIZAJOU ENDISTRI A**

Komisyon Taksi ak Limouzin Vil New York salye ou.

### **TABLO ONÈ**

Jou ki te 1ye desanm lan, TLC te òganize Setyèm Seremoni Tablo Onè Anyèl pou Sekirite, sou entènèt. Ou ka gade evènman an sou entènèt nan [nyc.gov/tlc](https://nyc.gov/tlc), oswa sou chèn YouTube TLC a.

Yo te onore 411 Chofè ki gen Lisans TLC pou dosye sekirite yo epi paske yo te reprezante modèl pou tout chofè sou wout la.

TLC te rekonpanse 25 Biznis ki gen Lisans TLC ki pi pridan, ki te gen ladan senk (5) Flòt Taksi Jòn ak 20 Baz Sèvis Machin Kominotè, ki te montre yo kapab inovè nan fè pwomosyon pou abitud kondi machin ak pridans pami Chofè ki gen Lisans TLC yo ak tou estrateji yo itilize pou yo ankouraje sekirite.

Yo te fè fèt pou 21 chofè yo te nonmen kòm Chèf Aksesibilite pou devouman yo nan Pwogram Deplasman Aksesib Vil la, ki bay Taksi Jòn ak Taksi Vèt yo aksè lè yo mande nenpòt kote nan senk (5) Minisipalite yo.

Pou fini, yo te rekonpanse 25 Chofè ki gen Lisans TLC ki te livre pifò plat manje yo nan kad Pwogram Livrezon Manje Annijans yo te devlope nan sezon prentan sa a ki sot pase a pou reyaji fas ak epidemi an. TLC ap remèsye plis pase 10,000 Chofè ki te bay patisipasyon yo, nan itilize Taksi, Machin Nwa, Machin Koulè, ak machin fanmi pou livre 65 milyon plat manje bay 720,000 kay ak 1.3 milyon rezidan New York—yon kantite ki reprezante 15% nan tout rezidan Vil New York yo.

### **REYINYON KOMISYON AN**

Jou ki te 2 desanm lan, TLC te vote epi apwouve kèk pwosesis ki bay Chofè ki gen Lisans TLC yo plis dwa ak pwoteksyon si yo arete yon moun ki gen Lisans pou yon krim yo sispèk, epi ki klarifye epi ranfòse pratik sispansyon kout ki la deja yo.

Pifò Chofè ki gen Lisans TLC yo se sitwayen ki respekte lalwa k ap travay pou yo bay piblik la sèvis, epi li ra anpil pou yo arete yon Chofè ki gen Lisans TLC pou yon krim yo sispèk. Men, pou enterè piblik la, TLC tou sispann Lisans TLC a lè yo fè yon arestasyon konsa pou yon krim yo sispèk. Sispansyon yo tanporè pandan moun ki gen lisans lan nan pwosè a.

Chofè ki gen Lisans TLC yo gen dwa pou yo konteste yon sispansyon devan yon Jij Dwa Administratif. Règ yo pwopoze yo presize plizyè faktè yon Jij Dwa Administratif kapab konsidere pou li evalye si yon chofè yo sispann lisans li reprezante yon danje pou sekirite piblik. Kounye a, Jij Dwa Administratif la pral fè yon egzamen ki pi pèsonalize epi li pral egzamine antesedan moun ki gen lisans lan nèt, tankou istwa krimèl ak dosye kondi, repitasyon nan kominote, detay sou krim yo sispèk la, ak nenpòt lòt bagay ki pral ede leve sispansyon an.

Nouvo règ yo pèmèt Moun ki gen Lisans TLC yo mande yon Odyans Sispansyon Kout nenpòt lè apre yon sispansyon epi kreye delè ki pi kout pou rekòmandasyon alekri Jij Dwa Administratif la, epi pou li pibliye yon desizyon. Chanjman ki fèt nan règ la pral prezante yon avantaj pou ti kantite Chofè ki gen Lisans TLC yo sispann pou yon ti moman nan ba yo plis dwa ak yon desizyon pi rapid. Kòm rezilta pou pifò ladan yo, yo pral kapab kondi machin taksi pi vit.

Komisyon TLC te vote epi apwouve règ ki pral ogmante kantite Machin ki Aksesib pou Chèz Woulant sou wout la nan ogmante gwoup machin ki elijib pou resevwa lajan nan Fon Amelyorasyon Taksi a. Fon Amelyorasyon Taksi a bay lajan pou ede Pwopriyete Medayon yo peye pou achte ak antre ni Taksi Jòn

yo. Epitou, li bay Chofè Taksi Jòn ki Aksesib pou Chèz Woulant epi ki gen Lisans TLC yo \$1 dola pou chak kous.

Komisyon an te apwouve règ pou pèmèt TLC kadre fòmèlman règlemantasyon li yo avèk lejislasyon Konsèy Minisipal yo te adopte 14 out 2018 la epi ki te antre an vigè 12 novanm 2018. Lwa Lokal la, LL151 ane 2018, te redui kèk penalite pou taksi ki pran moun nan lari ki pa gen otorizasyon pou sa.

Kòm rapèl, TLC te ogmante Aplikasyon lwa a anba 96<sup>th</sup> Street. Toujou gen gwo penalite pou machin ki pran moun nan lari ki pa an règ yo. Se \$500 dola pou premye kontravansyon an, \$750 dola pou dezyèm lan, epi twazyèm lan ap fè yo anile lisans lan. Règ yo adopte yo se te yon senp fòmalitye piske règ TLC yo pa t reflekte egzijans LL151 yo.

Pou fini, yo te apwouve nouvo règ pou pèmèt kèk Baz FHV kontinye peye chofè yo selon akò ki egziste deja yo epi yo pral elaji kalite modèl operasyon baz yo pou mete alafwa koperativ ak franchiz yo ladan.

### **RAPÈL POU E-ZPASS AK PEYAJ**

Kòm rapèl pou tout moun ki gen Lisans TLC k ap itilize E-ZPass yo, nou kapab peye peyaj nou yo grasa peman san kontak la yon fason pou n pa oblije kanpe nan yon zòn peyaj. E-ZPass bay rabè sou pri peyaj yo, rabè sou plan yo, ak opsyon diferan pou frè pakin yo--chofè yo kapab mete kòb pou yo peye pou pakin regilye nan ayewopò (se pa pou pakin kote yo kenbe machin lan). E-ZPass la obligatwa tou pou tout Taksi Jòn ak Taksi Vèt. Pou pwoteje tèt ou kont amann ou ka peye yo, li enpòtan anpil pou asire E-ZPass ou an konekte ak yon kat kredi, kont labank ki aktif oswa ou peye li davans kounye a. Si w prefere resevwa peyaj yo nan lapòs, tanpri asire w adrès mèt machin lan ajou. Si w lwe machin ou an, asire w kominike avèk mèt machin lan sou fason li pral peye peyaj la. Si yo pa peye peyaj yo, mèt machin lan pral akimile gwo amann yo kapab fè w peye. Pi bon mwayen pou evite amann ak anrejistremann machin lan se jwenn yon E-ZPass ou antretni kòm sadwa ak/oswa peye tout peyaj yo pi bonè ou kapab. Si w gen nenpòt kesyon, rele nan 1-800-333-8655, oswa ale sou sitwèb yo a ki se [E-zpassny.com](http://E-zpassny.com).

### **SANT RESOUS POU CHOFÈ**

Sant Resous pou Chofè TLC a gen plis pase (6) mwa depi li louvri ofisyèlman. Li bay konsèy finansyè a distans, sèvis jiridik, èd pou aplike pou avantaj piblik, ak sèvis pwoteksyon chofè. Jiska jounen jodi a, li bay plis pase 700 Chofè ki gen Lisans TLC sèvis.

Epitou, Ekip Sèvis Jiridik TLC a louvri plis pase 500 dosye ki gen pou wè ak prè epi rekouvremann chofè Pwopriyetè Medayon yo, ki gen plis kliyan ki resevwa asistans nan zafè rediksyon dèt, edikasyon sou dwa konsomatè, ak èd pou yo kreye yon plan pou ogmante revni. Sila yo ki vle jwenn sèvis sa yo kapab pran yon randevou sou <https://portal.driverresourcecenter.tlc.nyc.gov/>.

### **NOUVO PLAK**

Divizyon Lisans TLC a kòmanse bay plak YC Excelsior DMV fenk fè yo. Plak ble e blan yo gen imaj tout Eta New York ladan yo, tankou Estati Libète a, ki se yon bèl bagay pou moun wè sou machin ki gen plak TLC yo nan tout Vil New York.

Ak tout kè mwen,  
Aloysee Heredia Jarmoszuk  
Manm Komisyon epi Prezidan  
Komisyon Taksi ak Limouzin Vil New York  
33 Beaver Street, New York, NY 10004